**РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ РАХИЗФАРСЫ РАЙОНЫ БЕСЛАНЫХЪÆУЫ МУНИЦИПАЛОН БЮДЖЕТОН СКЪОЛАЙЫАГЪОММÆ АХУЫРАДЫ СЫВÆЛЛÆТТЫ 16-ÆМ РÆВДАУÆНДОН**

# Темæ: «Мæ бинонтæ»

Астæуккаг къорд

Темæ: «Мæ бинонтæ»
Нысантæ:
-Бинонтæ кæрæдзи куыд уарзой,кæрæдзиуыл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.
-Сабиты сæ бинонты нæмттæ дзурыныл ахуыр кæнын;хъуамæ йæ æмбарой,хистæртæн æмæ кæстæртæн бинонты царды цы ахадындзинад ис,уый.
-Сабиты логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ рæзын кæнын.Къæрцхъус æмæ цырддзаст цæмæй уой,ууыл сæ ахуыр кæнын.
Рагагъоммæйы куыст:Сабиты бинонты сюжетон ныvтимæ базонгæ кæнын;бинонты хуызистытæм кæсгæйæ,ныййарджытæ æмæ хъæбулты æхсæнзæрдиаг ныхæстæ.
- Зонгæ кæнын ирон фалькдоримæ сабиты ,сæ цæстытыл сын уайын кæнын аудио аргъау.
Архайæн фæрæзтæ:
Уæлæдарæс,бинонтæн сæ цæсгомы нывтæ.чырын,кæсæн.

1.Организационный момент.
Хъ.: Æрæмбырд стæм мах, скæнæм ма тымбыл.
Æз –де мбал,
Дым е мбал,
Радтæм нæ къухтæ кæрæдзимæ,
Æмæ бахудæм.
Хъ.:Сабитæ ам та хæдзар лæууы.Рухс рудзынгæй кæлы.Æркæсæм ма йæм,мæ фæстæ кæнут!

2.Æнгуылдзты хъазт:
Хæдзарæн ис сæр
Хæдзарæн ис рудзынг
Хæдзарæн ис дуар
Чи йæ бакæндзæн
Къупп-къупп,къупп-къупп-къупп.
Хъомыл.:Ничи гом кæны,иу хатт ма бахойæм:
Къупп-къупп,къупп-къупп-къупп.

3.Чызг хæдзарай рацыди.
Ч.:Уæ бон хорз!
С.:Æгас цу!
Ч.:Сымах чи стут гæдыйы лæппынтæ?
С.:Нæ йæ базыдтайтай.
Ч.:Уæдæ чи стут ,гыццыл уæрыччытæ?
С.:Лæппутæ æмæ чызджатæ стæм мах.
Ч.:Уæдæ ма базонгæ уæм(алчи дар дзы йæ ном дзуры ).
Хъ.:Дæу ном та куыд у?
Ч.:Тынг уæ фæнды базонын?

С.:О!
Ч.:Æз дæн чызг,мæ ном Регинæ.
Хъ.:Хæдзары та кæимæ цæрыс?
Æз уын уыцы-уыцита æрцæттæ кодтон æмæ йæ базонут кæимæ цæрын уый.

4.Дунейы нæй уымæй хуыздæр.
  Фæлмæн йæ каст,
  Фæлмæн йæ зæрдæ.(Мад)
Ч.:Чи у сабитæ?
С.:Мад.
  Чи кæны хæдзары зын куыст?
  Белæй чи кусы,
  Хæдзар чи зоны амайын?(Фыд)
С.:Фыд.
Ч.:Бирæ хъазын чи уарзы йæ хоимæ,
   Фыдуæгта дар зоны? (Æфсымæр).

5.Хъазт «Равзар  уæлæдарæс"
Ч.:Мæ мад мын загъта уæлæдарæс  бафснайын.Æз та сымахимæ дзурынил фæдæн.Иума ма сæ равзарæм.
Ч.:Бузныг уын сабита!

6.:Мæнæ ма ракæсут мæнæн мæ нанамæ цы чырын ис ! Нана чырын куы байгом кæны ,уæд  аргъæуттæ мын фæдзуры.Уæдæ сымах дæр байхъусут аргъаумæ.
Ч.:Сабитæ цавæр у саг?
С.:Саг у уæздан.
Ч.:Худгæ та йыл чи кодта?
С.:Рувас,бирæгъ,тæрхъус.
Ч.:Саг дам æнæ къæдзилæй баззади!
Ч.:Цард къæдзилæй нæу!Адæймагæн дам къæдзил нæй,фæлæ бæсты хицау уый у.

7.Хъазт «Бинонтæ».
Ацы æнгуылдз –дада,
Ацы æнгуылдз –нана,
Ацы æнгуылдз –фыд,
Ацы æнгуылдз-мад,
Ацы æнгуылдз та –æз,
Ацы æнгуылдзта сты мæ бинонтæ.
Дада кафы –афтæ,
Нана кафы –афтæ
Мæ фыд кафы-афтæ,
Мæ мад кафы –афтæ,
Æз та кафын-афтæ.
Æз уазрын мæ бинонты,

Бинонтæ сты мæ хъару.
Бинонтæ сты мæ ныфс.
Бинонтæ сты мæ зæрдæ!

8.Хъазт «Æрæмбырд кæн портрет».
Æрæмбырд кæнын бинонты портретæ.
Ч.:Сабитæ сымах уарзынц уæ бинонтæ?
С.:О!Бирæ мæ уарзынц.(иууылдæр загътой).
Ч.:Куыд æй бамбæрстад уæ бинонтæ уæ кæй уарзынц уый?
С.:Хъæбыс мын фæкæнынц,фæлмæн ныхасæй мæм дзурынц.
Ч.:Уæдæ уын зæгъын бинонтæй зынаргъ дæр нæй

9.Ч.:Уæдæ уын зæгъын бинонтæй зынаргъ дæр нæй.Сабитæ æз мæ бинонты бирæ уарзын. Фæлмæн ныхæстæ сын фæкæнын æмæ сын сæ сывæрын чырыны. Ам цы бирæ фæлмæн æмæ рæсугъд ныхæстæ ис.
Хъ.:Хорз чызг æмæ мах дæр фæнды зæгъын фæлмæн æмæ рæсугъд ныхас .
Ч.:Хорз.
Хъ.:Уæ мад уын хъæбыстæ куы фæкæны уæдб цавæр у?
С.:Фæлмæн зæрдæ.
Хъ.:Уæ мад рæсугъд къаба куы скæны уæд цавæр у?
С.:Рæсугъд.
Ч.:Мæнæ цы дзæбæх сабитæ.
Хъ.:Сабитæ рахæсут ма сæ чырынмæ(алчи дæр зæгъы йæ ныхас).